# Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм я уаджибхэр

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# واجبات

# أهل التوحيد والإيمان

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:
أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:
أبو محمد الشركسي

# Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм я уаджибхэр

**Тэухьидымрэ иманымрэ зыхэлъхэм я уаджибхэр мыращ:**

**1 –** Алыхьыр, и мэлэ1ичхэр, и тхылъхэр, и л1ык1уэхэр, ахърэт махуэр, къэдэрым и ф1ыри 1ейри уи ф1эщ хъуныр: **«Уэ ф1эщхъуныгъэ зи1эхэ,Алыхьымрэ, и л1ык1уэмрэ, тхылъыу и лык1уэм къыхуригъэхамрэ, тхылъыу ипэк1э къыригъэхамрэ фи ф1эщ фыщ1. Алыхьыр, и мэлэ1ичхэр, и тхылъхэр, и л1ык1уэхэр, къемэт махуэр зи ф1эщ мыхъур щыуащ щыуэныгъэ жыжьэ дыдэк1э».** (Ан-Ниса1: 136).

**2 –** Алыхь закъуэу гъусэ зимы1эм хуэбгъазэ 1уэхухэм уи ниетыр къабзэу щытыну, абым нэгъуэщ1 зыми ухуэмыпщыл1ыну: **«Зы унафэ закъуэу къахуехар Алыхьым хуэпщыл1ыну я диныр къабзэу, тхьэ закъуэр я ф1эщ хъуэ, нэмэз ящ1ыну, зэкат ятыну, аращ дин пэжыр».** (Аль-Беинэ: 5).

**3 –** Алыхь Лъап1эмрэ и л1ык1уэмрэ, гьэлейхи сэлям, уахуэжы1эщ1эну, унэфэщ1ми гуэныхь зыхэмылъ 1уэхухэмк1э ухуэжы1эщ1эну.

1) Алыхьым жи1ащ: **«Уэ иман зи1эхэ, Алыхьым фыхуэжы1эщ1э, л1ык1уэми фыхуэжы1эщ1э, фи унэфэщ1хэми. 1уэху гуэрк1э фызэгурым1уамэ Алыхьымрэ и л1ык1уэмрэ зыхуэвгъэзэж Алыхьымрэ къемэт махуэмрэ фи ф1эщ хъумэ. Аращ нэхъыф1ыр ик1и къырик1уэнумк1э нэхъ дэгъуэр».** (Ан-Ниса1: 59).

2) Ибн Умэр, Алыхьыр аразы яхуэхъу т1уми, къи1уэтэжащ бегъымбарым, гьэлейхи сэлям, жи1ауэ: *«Мысылмэным и пщэ дэлъщ дэ1уэнрэ жы1эщ1энрэ игу ирихьми иримыхьми, гуэныхь ищ1эну унафэ къыхуамыщ1ыху. Гуэныхь ищ1эну унафэ хуащ1амэ ик1и да1уэкъым, ик1и жы1эщ1экъым».* Шейхъит1ым къа1уэтэжащ [1].

---

[1] Бухъари (7144), Муслим (1839).

**4 –** Шэрихьэт щ1эныгъэхэр зэгъэщ1энрэ нэгъуэщ1хэми егъэщ1энрэ: **«Къэхъуакъым апхуэдэ Алыхьым ц1ыхум тхылъркъэ лъэк1ыныгъэрэ иритауэ, бегъымбар ищ1ауэ ит1анэ ц1ыхухэм яжри1эну: «Сэ фыкъысхуэпщыл1 Алыхьыр къэвгъани», ауэ тхьэм пыщ1ауэ фыщыт тхылъыр евгъащ1эу фызэреджам хуэдэу».** (Алэ Гьимран: 79).

**5 –** Алыхьым укъыхуеджэну, ф1ым укъыхуеджэну, 1еим упэувыну: **«Къыфхэтщ гуп ф1ым къыхуеджэу, 1ейм пэувыу, ахэращ ехъул1ахэр».** (Алэ Гьимран: 104).

**6 –** Алыхьым и ц1эк1э узэуэныр: **«Фазауэ фитнэр къиухыу диныр зэуэ Алыхьым ей хъуху».** (Аль-Анфаль: 39).

**7 –** Алыхьым к1апсэу къыдитамк1э быдэу зы1ыгъын, зэгуэмык1ын: **«Алыхьым к1апсэу къывитамк1э быдэу зыф1ыгъ, фызэгуэмык1».** (Алэ Гьимран: 103).

**8 –** Диным захуэу утетыныр нахуэуи ущэхуауи: **«Захуэу тет унафэ къызэрыпхуащ1ам хуэдэу тобэ къэзыхьахэри уигъусэу, зэлымыгъи фымыщ1э. Абым фщ1эхэр елъагъу».** (Худ: 112).

**9 –** Ц1ыхум дахэу удызек1уэныр: **«Гъэгъуныгъэр къащтэ, ф1ым къыхуеджэ, джахилхэр къэгъанэ».** (Аль-Агьраф: 199).

**10 –** Истигъфарымрэ тобэмрэ бгъэзащ1э зэпытыну: **«Алыхьым и тек1уэныгъэмрэ къызэ1уихамрэ къыщык1уэк1э, ц1ыхухэр диным гуп гупурэ къихьэу щыплъагъук1э, уи тхьэм щытхъухэр къыхужы1и къыпхуигъэгъуну елъэ1у, аращ псори зыгъэгъур».** (Ан-Нэср: 1-3).

IslamHouse.com